

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Pamarekan, Méthode, jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1 Pamarekan Panalungtikan

Pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan sastra. Nurutkeun Abrams dina teeuw (2003: 42) nétélakeun yén pamarekan kritis nu utama kana karya sastra ngawengku opat hal, nya éta :

- 1) Pamarekan nu museurkeun kana karya éta sorangan, nu sok disebut pamarekan obyéktif;
- 2) Pamarekan nu museurkeun kana pangarangna, nu sok disebut pamarekan éksprésif;
- 3) Pamarekan nu museurkeun kana semesta, nu sok disebut mimétik; jeung
- 4) Pamarekan nu museurkeun ka nu maca, nu sok disebut pragmatik.

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan obyéktif, nya éta pamarekan nu museurkeun paniténa kana karya éta sorangan, hartina méré ma'na kana karya sastra dumasar kana éksistensina éta karya sastra bari henteu matalikeun jeung unsur-unsur nu aya di luareun signifkansina (Jabrohim, 2001:62).

3.1.2 Méthode Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun méthode panalungtikan dokumén (*contens analisis*), nya éta panalungtikan ku cara ngusahakeun nganalisis dokumén pikeun mikanyaho eusi jeung harti nu aya dina éta dokumén (Wuradji dina Jabrohim,

2001:6). Méthode analisis pikeun ngadarkeun karakteristik obyék ku cara ngadarkeun jeung nafsirkeun fakta-fakta, tanda-tanda ngeunaan konvénsi basa jeung poko pasualan nu aya dina téks nu ditalungtik. Méthode analisis dilengkepan ku méthode deskriptif ku cara ngadéskripsikeun hiji gejala, kajadian, nu kaalaman jaman ayeuna.

3.1.3 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan anu digunakeun nya éta studi pustaka.

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta naskah *Babad Sumedang* beunang Raden Aria Adipati Martanagara nu ditranslitasi ku Haji Said Raksakusumah jeung Edi S. Ekadjati, didokumentasikeun ku Lembaga Kebudayaan Universitas Pajajaran dina 1978. Lobana kaca aya 164, jumlah padana aya 872, ditulis ngagunakeun mesin tik dina keretas stensil. Pikeun référénsi pangrojong, digunakeun data-data tina sumber séjén, saperti tina hasil-hasil panalungtikan, buku-buku, artikel-artikel, jeung tulisan-tulisan dina internét.

3.3 Prosedur Analisis Data

Data anu geus dikumpulkeun jeung diréduksi téh tuluy dianalisis dumasar kana léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) neuleuman téks *Babad Sumedang*;
- 2) nganalisis téks *Babad Sumedang* dumasar kana strukturna nu ngawengku (1) téma, (2) galur (*plot*), (3) latar (*setting*), (4) palaku, jeung (5) gaya basa,
- 3) neuleuman tanda-tanda nu aya dina téks *Babad Sumedang*;

- 4) nganalisis téks dumasar kana semiotik nu ngawengku indéks ngaran palaku jeung tindakan palaku;
- 5) nyieun laporan panalungtikan.

